**दिन–सोमवार** **दिनांक–10.08.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत आई पटना मे भव्य तिरंगा यात्रा निकालल गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के नेतृत्व मे निकालल गेल ई यात्रा गांधी मैदान स्थित जे.पी. गोलम्बर सँ शुरू भेल आ कारगिल चौक लऽग समाप्त भेल। डेढ़ किलोमीटर नम्हर एहि यात्रा मे राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री दिलीप जायसवाल, शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी, सहकारिता मंत्री रामकृपाल यादव, खाद्य एवं उपभोक्ता संरक्षण मंत्री अशोक चौधरी सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य, विधायक आ जनप्रतिनिधि सम्मिलित भेलाह। तिरंगा यात्रा मे पैघ संख्या मे स्कूली बच्चा सभ आ आम लोक सभ सेहो भाग लेलनि। तिरंगा यात्रा शुरू होयबा सँ पहिने आयोजित समारोह के संबोधित करैत मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे तिरंगा हमर सभक स्वाभिमानक प्रतीक अछि आ एकर सम्मान करब सभ भारतीय के दायित्व अछि। ओ लोक सभ सँ जिला, नगर निकाय आ पंचायत स्तर पर आयोजित होबयबला तिरंगा यात्रा मे सम्मिलित हेबाक लेल सेहो आग्रह कयलनि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आई सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक अंतर्गत लाभार्थी सभक खाता मे एगारह सय टाका मासिक पेंशनक राशि डीबीटीक माध्यम सँ हस्तांतरित कयलनि। एहि के अंतर्गत मुख्यमंत्री वृद्धजन पेंशन योजना आ बिहार निःशक्तता पेंशन योजना सहित छओ टा योजनाक लाभुक सभक मध्य राशिक हस्तांतरण कएल गेल। कार्यक्रम कैँ संबोधित करैत मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकार आकांक्षी सभ कैँ सामाजिक सुरक्षा उपलब्ध कराबऽ लेल प्रतिबद्ध अछि। मुख्यमंत्री आवास मे आयोजित कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव आ समाज कल्याण मंत्री श्वेता गुप्ता उपस्थित छलीह।

---

पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश कहलनि जे पंचायत चुनाव कैँ लऽ कऽ निर्वाचन आयोगक दिशा–निर्देश मे परिसीमनक प्रक्रिया शुरू भऽ गेल अछि। आइ कटिहार मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे परिसीमन पूरा भेलाक बादहि पंचायत चुनाव

कराओल जायत। श्री प्रकाश कहलनि जे एखन पंचायत चुनावक समय–सीमा तय करब सम्भव नहि अछि।

——————————————————————

प्रस्तावित विश्वविद्यालय अधिनियम–दू हजार छब्बीसक विरोध मे राज्यक सभ सरकारी महाविद्यालय आ विश्वविद्यालय सभक बारह हजार सँ बेसी शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मी आइ सामूहिक अवकाश पर रहलाह। ई सभ विश्वविद्यालय मुख्यालय पर अपन मांग सभक समर्थन मे धरना देलनि। शिक्षक संगठन प्रस्तावित अधिनियम सँ विश्वविद्यालय सभक स्वायत्तता प्रभावित होयबाक आरोप लगबैत सरकार सँ पुनर्विचारक मांग कयलक अछि।

——————————————————————

आइ साओनक दोसर सोम अछि। एहि अवसर पर मंदिर आ शिवालय सभ मे भोरहि सँ भगवान शिव के जलाभिषेक लेल भक्त सभक पांति लागल अछि। पूरा वातावरण ओम नमः शिवायक मंत्रोच्चार सँ गुंजायमान अछि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे सुल्तानगंजक अजगैबीनाथ, मुजफ्फरपुरक गरीबनाथ, सोनपुरक हरिहरनाथ, रोहतासक गुप्ताधाम, जहानाबादक वाणावर, पटनाक बैकटपुर धाम, लखीसरायक अशोकधाम, मधेपुराक सिंहेश्वर स्थान, दरभंगाक कुशेश्वर स्थान, सुपौलक तिलहेश्वर स्थान आ सहरसाक मटेश्वरनाथ मंदिर सहित कतेको मंदिर सभ मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु भगवान शिवक पूजा–अर्चना कऽ जलाभिषेक कऽ रहल छथि। मुजफ्फरपुरक बाबा गरीबनाथ मंदिर मे पहिल बेर काँवरिया सभ पर पुष्प वर्षा कएल गेल। एम्हर, भागलपुरक सुल्तानगंज मे पैघ संख्या मे काँवरिया उत्तरवाहिनी गंगाक जल उठाबऽ लेल पहुँचि रहलाह अछि। ई काँवरिया एक सय पाँच किलोमीटर सँ बेसीक दूरी तय कऽ झारखंडक देवघर स्थित बाबा बैद्यनाथक जलाभिषेक करताह।

——————————————————————

प्रदेश मे मानसूनक सक्रियता सँ वर्षाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तरी भाग मे कतेको ठाम हल्का सँ मध्यम वर्षा भेल अछि। पूर्णियाक श्रीनगर मे सभ सँ बेसी अठ्ठावन दशमलव आठ मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कएल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे काल्हि राज्यक उत्तर–पूर्व दक्षिण–पूर्व भाग मे कतेको ठाम तेज हवाक संग वर्षाक संभावना अछि। एहि दरमियान वज्रपातक चेतावनी सेहो जारी कएल गेल अछि।

---

सीतामढ़ीक विक्रम उमेश कुमार पेरूक लीमा मे आयोजित पैरा बैडमिंटन इंटरनेशनल–दू हजार छब्बीस मे स्वर्ण पदक जीतलनि अछि। श्री कुमार ई पदक पुरुष एकल वर्ग मे अपन नाम कएलनि। ओ फाइनल मे भारतहि के विजेन्द्र कँ पराजित कएलनि। विक्रम उमेश कुमार सीतामढ़ी जिलाक पुपरी गामक रहयबला छथि। ओ एखन धरि तेईस टा अंतरराष्ट्रीय पदक जीत लेने छथि।

---

समाप्त